



Pou Piblikasyon Imedya: 07/08/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KOPREZIDAN KOMISYON REDI A YO PIBLIYE YON LÈT YO VOYE BAY MINISIPALITE LAK ONTARIO A YO POU BAY MIZAJOU SOU PWOGRÈ YO

Eta New York pral Rezève jiska 20 Milyon Dola pou Agrandi Pwogram Reparasyon Lojman Rezidansyèl Depatman Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke koprezidan komisyon Inisyativ pou Rezistans ak Devlopman Ekonomik lan yo (Resiliency and Economic Development Initiative, REDI), ki se Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman la (Department of Environmental Conservation, DEC) Basil Seggos, ak Prezidan Empire State Devlopman lan (ESD), Howard Zensky, te pibliye yon lèt yo voye bay minisipalite Lak Ontario a yo pou bay mizajou sou pwogrè ki fèt nan kad pwosesis planifikasyon kominotè Lak Ontario a. Nan lèt la, koprezidan yo te di ke pou reponn a plizyè mèt kay ki te di yo toujou bezwen asistans endividyèl apre inondasyon Lak Ontario a, Eta New York pral rezève jiska 20 milyon dola pou agrandi Pwogram Reparasyon Lojman Rezidansyèl (Residential Home Repair Program) Depatman Renouvèlman Kay ak Kominote (Housing and Community Renewal, HCR) Eta New York la.

Tèks konplè lèt la disponib anba la a:

7 Out 2019

Chè Minisipalite/Benefisyè REDI yo:

Avèk premye faz Inisyativ Rejyonal pou Devlopman Ekonomik lan (Regional Economic Development Initiative, REDI) ki ankou la, nou kontan pou nou ofri nou yon mizajou sou pwogrè k ap fèt nan kad pwosesis planifikasyon kominotè enpòtan sa a. Jan nou konnen deja, pou reponn a tandans inondasyon ki plede genyen sou bò rivaj Lak Ontario a ak Rivyè St. Lawrence lan, yo te kreye REDI pou reponn a bezwen rezistans imedya ak alontèm zòn sa yo genyen yo pandan l ap amelyore opòtinite ekonomik yo ak sante lak la. REDI vize elabore yon nouvèl vizyon pou rekonstriksyon ak amelyorasyon bò rivaj Lak Ontario a ak Rivyè St. Lawrence lan apati pwendvi rezistans ak devlopman ekonomik, ki gen ladan pwoteksyon enfrastrikti enpòtan yo ak amelyorasyon karakteristik natirèl k ap sipòte rezistans koutye a.

Depi lè nou tout te rasanble nan Rochester mwa Jen ki sot pase la, ekip planifikasyon Eta New York la te responsabilize kominote REDI yo pou yo vin pote anpil santèn zide pwojè sou sifas, ke y ap ka gen chans finanse avèk jiska 300 milyon dola. Nou te òganize de (2) rankont planifikasyon nan chak senk (5) rejyon yo, epi rete omwen de (2) k ap vini ankò nan fen mwa septanm lan. Kounye a, kominote yo, gras a asistans ekspè teknik eta yo, ap egzamine avantaj rezistans ak avantaj ekonomik pwojè

yo pwopoze yo genyen, avèk objektif iltim lan ki se pou pwodui pi bon kalite pwojè posib pou yo soumèt bay Komisyon REDI a.

Pou nou klarifye yon pwen, gouvènman lokal yo ka pwopoze pwojè pou pwoteje kont pèt ekonomik akòz deflasyon valè imobilye yo akòz ekspozisyon a inondasyon, kote gouvènman lokal yo ka idantifye yon konfigirasyon jewografik k ap pèmèt yo fè yon mi an wòch oswa an sab pou pwoteje yon pil kay. Pa egzanp, yon baraj dlo p ap efikas si yo konsevwa l sèlman pou pwoteje plizyè kay paske lòt dlo k ap ka vin antre soti nan lòt zòn ozalantou yo kapab redui efè baraj la. Gouvènman lokal yo pral bezwen soumèt konsepsyon pwojè k ap fezab sou plan jewografik ak sou plan fizik.

Byenke n ap konsantre nou sou efò ki enpòtan onivo rejyonal yo, nou te tande tou gen yon seri mèt kay ki toujou bezwen asistans endividyèl epi nan konsa nou pral rezève 20 milyon dola nan 300 milyon dola pou nou agrandi Pwogram Reparasyon Lojman Depatman Renouvèlman Kay ak Kominote nou an.

N ap estime prim yo ap jiska 15 milyon dola anviwon ototal pou pwojè ki kalifye yo pa konte ak finansman adisyonèl jiska 160 milyon dola ototal pou pwojè rezistans ak devlopman ekonomik enpòtan ki sou yon pi gran echèl onivo rejyonal.

Onon Komisyon REDI a, nou rekonesan anpil pou patisipasyon ekstraòdinè kominote Lak Ontario a yo ak Rivyè St. Lawrence lan yo jiskaprezan epi nou paka tann pou n revize pwojè n ap soumèt yo. Lè nou travay ansanm, nou konfyan nou ka pwodui pwojè k ap bay bon jan pwoteksyon ak avantaj alontèm pou kominote a.

Anplis de efò REDI ap fè yo, eta a te antreprann anpil aktivite k ap amelyore touris, ki gen ladan, piblisite I LOVE NY, pèmi lapèch gratis sou Lak Ontario a epi yo te redui frè pak yo ak frè espas kan yo.

Ansanm n ap leve defi sa a. Mèsi pou èd nou.

Sensèman,

Komisè Basil Seggos

Komisè Howard Zensky

Koprezidan Komisyon REDI a yo

cc: Senatè Ritchie, Manm Asanble Barclay, Manm Asanble Manktelow

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)